



RAPÒ OFISYÈL KOMITE BOSTON SCHOOL Gwoup Operasyonèl EGZAMEN ADMISYON AN

23 Mas 2021

Gwoup Operasyonèl egzamen admisyon Komite Boston School la te fè yon reyinyon a distans madi 23 mas 2021 a 5:00 PM sou Zoom. Pou plis enfòmasyon konsènan nenpòt nan pwen ki nan lis ki pi ba a, vizite <https://www.bostonpublicschools.org/esataskforce>, email feedback@bostonpublicschools.org oubyen rele Biwo Komite Boston School nan (617) 635-9014.

PREZANS

Manm Gwoup Operasyonèl egzamen admisyon lekòl ki prezan: Prezidan adjwen Michael Contompasis, Prezidan Adjwen Tanisha Sullivan; Samuel Acevedo, Acacia Aguirre, Matt Cregor, Tanya Freeman-Wisdom, Katherine Grassa, Zena Lum, Zoe Nagasawa, Rachel Skerritt, and Rosann Tung.

Manm Gwoup Operasyonèl egzamen admisyon lekòl ki te absan: Tamara Waite.

Staff BPS ki prezan: Monica Roberts, Chief of Student, Family and Community Advancement, ak Monica Hogan, Senior Executive Director of the Office of Data and Accountability.

DOKIMAN YO TE PREZANTE

[Agenda](#)

[Rapò Seyans ekout: 13 Mas 2021](#)

[Rapò Reyinyon: 16 Mas 2021](#)

[Presentation: Use of Socioeconomic/Tier Criteria in Other District Admissions](#)

[Presentation: Admissions Recommendation Recap](#)

ENTWODIKSYON

Madam Parvex te fè apèl la. Madam Waite te absan. Tout lòt manm yo te prezan.

Mesye Contompasis te bay siyal pou reyinyon an kòmanse. Li te anonse gen sèvis entèpretasyon dirèk ki te disponib an Espayòl, Kreyòl Ayisyen, Kabo Vèdeyan, Vyetnamyen, Kantonyen, Mandaren, Pòtigè, Somali, Arab ak Lang Siy Ameriken (ASL). Entèprèt yo entwodui tèt yo e yo bay enstriksyon nan lang pa yo sou fason moun ka jwenn entèpretasyon dirèk la lè yo chanje chanèl Zoom nan.

APWOBASYON RAPÒ REYINON YO 13 MAS ak 16 MAS 2021

Apwouve– Tout Gwoup Operasyonèl la te apwouve rapò 13 mas 2021 an. Seyans pou tande Gwoup Operasyonèl egzamen admisyon lekòl yo ak reyinyon Gwoup Operasyonèl admisyon egzamen 16 mas 2021.

PREZANTASYON

Madam Sullivan te swete manm yo ak piblik la byenvni e l te entwodui madam Roberts ak madam Hogan ki t apral revize règleman pwovizwa egzamen lekòl pou ane lekòl 2021-2022, epitou li te bay yon apèsi sou règleman seleksyon admisyon lekòl nan lòt distri yo.

Madam Roberts te esplike règleman ane lekòl 2021-2022 yo te valab pou yon ane sèlman e yo tap tounen nan premye règleman yo apre ane lekòl sa a. Li te di se responsablite Gwoup operasyonèl la pou fè rekomandasyon pou règleman pèmanan yo.

Li te dekri ki jan BPS kreye gwoup kandida ki elijib ak pwosedi envitasyon nan egzamen lekòl la. Li bay yon apèsi ke 20% nan plas pou chak lekòl egzamen rezève pou elèv ki pi fò yo sou baz mwayèn nòt yo (Grade Point Average: GPA) nan vil la, e 80% nan plas yo distribiye selon konbinezon GPA elèv yo ak kòd postal yo. Madam Sullivan te mande e te jwenn konfimasyon yo te asiyen yon nonm owaza sof si de oswa plis elèv te gen menm GPA. Li te mande tou ki jan gwoup travay la te fè pou wè ki minimòm plas yo asiyen bay elèv ki nan yon zòn byen presi. Madam Hogan te esplike yo te di yo sètifye enfòmasyon ki antre ak pousantaj timoun ki gen laj pou al lekòl nan Boston Planning and Development Agency ki baze sou resansman ki soti nan American Community Survey.

Madam Sullivan te mande ki jan BPS detèmine kantite plas pou chak kòd postal yonfwa li vin konnen pousantaj timoun ki gen laj pou lekòl selon kòd postal yo. Madam Hogan te reponn BPS mennen yon pwosesis chak ane pou konnen konbyen plas ki disponib nan tout lekòl ki nan distri a, pa mwayen pwojeksyon. Sou baz sa a, staf la detèmine konbyen envitasyon y ap voye. Madam Sullivan te poze kesyon sou elèv ki nan gwoup ki pat asiyen pou egzamen gwoup 20% yo. Madam Roberts te esplike kòd postal yo klase apati revni medyan ki pi ba a rive nan revni medyan ki pi wo distribisyon an ap gen 10% plas pou chak tou. Elèv ki soti nan kòd postal ki pi ba yo ap jwenn premye plas ki disponib nan tou sa, soti nan GPA ki pi wo yo pou desann. Si premye chwa yon elèv pa disponib, y ap asiyen elèv la nan dezyèm oswa twazyèm plas li te chwazi a. Li te esplike dispozisyon espesyal pou timoun ki pa gen kay ak sa ki sou kont DCF yo

(Department of Children and Families), yo retire antre non tradisyonèl la ak akseptasyon repòte yo. Pou l fini li te esplike lòt rekòmandasyon Komite Lekòl la fè anplis.

Madam Sullivan te dispoze pou reponn kesyon yo. Mesye Acevedo te vle konnen ki lè ansyen règleman an tap kòmanse. Madam Roberts te esplike yo t ap gen pou anonse fanmi yo apati mwa out, ki jan pwosesis la t ap ye pou ane pwochèn. Mesye Contompasis te ajoute delè pou yo ta eseye tabli yon nouvo pwosesis admisyon ta dwe pou jiska mwa jen, donk distri a t ap ka prepare. Anplis de sa, Madam Skerritt te di règleman ane sa ap itilize mwayèn anvan COVID yo e yo ta dwe deside si y ap itilize menm modèl la, mwayèn yo pa tap menm jan ak sa anvan COVID yo.

Madam Hogan, Mesye Gregor ak Madam Nagasawa te prezante tèm: "Itilizasyon kritè kategori/sosyoekonomik nan lòt admisyon distri yo". Yo te prezante twa distri diferan e yo te esplike pwosesis admisyon yo. Premye a te prezante admisyon Chicago Selective High School Mesye Gregor te raple manm yo Richard D. Kahlenberg ak Michelle P. Burris nan The Century Foundation, ki te travay pou kreye modèl Chicago yo te prezante a, t ap fè yon prezantasyon nan reyinyon 30 mas la, donk yo t ap anmezi pou dekouvri modèl sa yo an detay.

Aprè sa yo te prezante pwosesis admisyon San Francisco Selective High School anvan COVID la, jan yo te vote pou itilize kounya yon pwosesis seleksyon owaza kòm kritè admisyon. Manm yo te mande si pwosesis seleksyon owaza a te yon opsyon pou yon ane oswa pèmanan, ak ki pwosedi yo fè yon fason pou yo ka detèmine pwosesis admisyon owaza a.

Dènye distri yo te prezante se admisyon Detroit Selective High School yo. Madam Sullivan te montre ke Detroit te bay elèv lekòl piblik li yo pwen e l te di se te yon kòmantè yo te tande moun fè nan kòmantè piblik la sou yon posiblite nan Boston ak BPS. Li te vle atire atansyon Gwoup Operasyonèl la sou sa.

Madam Sullivan te kontinye pale sou responsablite ak konsiderasyon legal yo.

Pwen prensipal:

1. Boston ka revize pwopozisyon admisyon yo pou enpak sa genyen sou divèsite rasyal.
2. Boston dwe kòmanse evalye apwòch sou "netralite rasyal" ak "konsyans ras jeneralize" ki pa trete chak elèv yon fason diferan selon ras li.
3. Si youn nan metòd sa yo pa rive atenn divèsite, Boston ka konsidere ras kòm yon faktè patikilye toutotan ke metòd yo byen adapte.

Li te raple tou de fwa yo te trennen Boston lajistis akòz li te itilize ras kòm yon faktè nan egzamen admisyon lekòl. *McLaughlin* (1996) ak *Wessman* (1998).

Lekòl yo gen yon konstitisyon, evoke enterè nan atenn divèsite rasyal epi evite izolasyon rasyal.
MEN:

Si ras ka yon faktè nan desizyon pou yon elèv admi, menm nan kèk ka afimatif, lajistis ap aplike pi wo nivo investigasyon sou cloz egalite pwoteksyon, "bonjan investigasyon" pou detèmine si metòd admisyon yo "byen adapte" pou atenn' enterè lekòl la' sou divèsite. Nou konnen yon règleman byen adapte lè

1. Distri a etidye altènatif sou netralite rasyal (epi li jwenn okenn nan yo pat travay pou rive atenn divèsite)
2. Metòd ki te bay pou yon "revizyon fleksib e endividyèl sou elèv," sa vle di ras pa yon faktè esansyèl pou admisyon
3. Metòd la pa bay valè a nenpòt chay ki lou sou lòt elèv yo.
4. Metòd la limite nan tan ak sijè a yon revizyon peryodik.

Yon egzanp règleman admisyon ki te vrèman byen fikse se te nan University of Texas Austin. Madam Sullivan te esplike ki jan lekòl yo ka valorize divèsite rasyal nan resevwa yon egzamen strik.

Pwen prensipal yo se:

1. Boston ka revize pwopozisyon admisyon yo pou enpak sa genyen sou divèsite rasyal.
2. Boston dwe kòmanse evalye apwòch sou "netralite rasyal" ak "konsyans ras jeneralize" ki pa trete chak elèv yon fason diferan selon ras li.
3. Si youn nan metòd sa yo pa rive atenn divèsite, Boston ka konsidere ras kòm yon faktè patikilye toutotan ke metòd yo byen adapte.

Madam Sullivan te di prezidan adjwen yo t ap chèche jwenn sipò legal e l te di avoka Michael Keating ki soti nan Foley Hoag LLP t ap suiv reyinyon an.

Mesye Contompasis ak Madam Sullivan te pale sou enpòtans akò jistis Kennedy a nan *Parents Involved* (2007). Madam Sullivan te di akò Jistis Kennedy a se yon opinyon yo konsidere ki bay pi gwo direksyon nan espas sa paske li gen rapò ak lwa sou pwoblèm patikilye sa a. Li te di sa enpòtan lè Gwoup Operasyonèl la ap egzamine pwoblèm ki ka gen enpak sou ras pou manm yo fè atansyon e pou yo konsyan de limit yo.

Madam Lum te mande si wi ou non pwosesis règleman tanporè yo te deja kòmanse ak si manm yo t ap ka wè rezilta yo e pou gwoup operasyonèl la konpare yo ak modèl yo pral sèvi pou fè rekòmandasyon règleman yo. Madam Sullivan te di BPS pap fè distribisyon plas jiska 15 avril akòz de yon pwosè legal ki ap dewoule.

KòMANTÈ JENERAL PIBLIK la

- Virginia Berman, Roslindale resident, BLS parent, Co-Chair, Families for Equity and Diversity, te temwaye an favè chanjman nan egzamen admisyon yo.
- Marie Mercurio, Jamaica Plain resident, BPS parent, te pale pou yo kenbe menm egzamen yo.
- Darragh Murphy, Dorchester resident, te pale kont kritè kòd postal la pou admisyon yo.
- Nora McManus Vincent, West Roxbury resident,, BPS parent, te pale an favè chanjman nan egzamen admisyon nan lekòl yo.
- Kristin Johnson, Jamaica Plain resident, BPS parent, member, Boston Coalition for Education Equity, te pale an favè yon refòm nan pwosesis egzamen admisyon nan lekòl yo.
- Fred Pucillo, East Boston resident,, BLS parent, te pale an favè yon refòm nan egzamen admisyon nan lekòl yo

- Olivia Paquette, Cambridge resident, BPS education and BLS alum, te pale pou yon pwosesis admisyon pèmanan, ki pi jis.
- Katharin Kilbourn, Jamaica Plain resident, BLS parent, te pale an favè yon chanjman pèmanan nan pwosesis admisyon yo..
- Leslee Kiley, Jamaica Plain resident,, Parent of BLS alumna, te pale an favè yon chanjman pèmanan nan pwosesis admisyon yo..
- Lauren Peter, Roslindale resident, Sumner parent, Te pale an favè chanjman nan egzamen admisyon lekòl yo.
- Ann Malone, Jamaica Plain resident, te pale an favè yon chanjman pèmanan nan pwosesis admisyon yo.

KÒMANTÈ KONKLIZYON

Madam Sullivan te mande manm yo fè dènye kòmantè yo. Madam Tung te remèsye moun ki te bay opinyon piblik yo e li te mande yon lòt fwa pou moun yo bay rekòmandasyon yo sou règleman yo.

Mesye Contompasis te raple piblik la semèn pwochèn Gwoup operasyonèl la ap gen oratè ki soti nan Century Foundation e li te ankouraje yo vini nan reyinyon an.

AJOUNE

A anviwon 7 : 05 PM, tout Komite a te vote, chak te reponn apèl, pou repòte reyinyon an.

Ateste:



Lena Parvex
Asistan Administratif